



Pou Piblikasyon Imedya: 18/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN SANTENÈ PASAJ 19ÈM AMANDMAN AN, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE
KONSÈVASYON AK ESTABILIZASYON MEZON TIMOUN ISTORIK SUSAN B.
ANTHONY**

Travay pral pèmèt reyitilizasyon pwopriyete Konte Washington nan

Akò acha konkli pou pwopriyete istorik adjasan pou bay pakin ak aksè amelyore

Nan 100yèm anivèsè 19yèm amandman an, ki te bay fanm dwa pou vote, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon efò pou estabilize ak prezève mezon timoun eminan militan dwa fanm nan 19èm syèk la Susan B. Anthony, nan Konte Washington. Travay nan kay an brik ki gen de etaj an 1832 sou Route 29 nan Battenville kote Anthony te rete nan laj 13 a 19 ane, ki gen ladan reparasyon nan twati kay la, masonri ak drenaj, ansanm ak dekontaminasyon mwazi ak dega dlo, prevwa fini an septanm.

"New York se bèso anpil nan mouvman pwogresif ki te kite yon mak inoubliyab nan sosyete nou an pandan ke li te pouse nasyon an pi devan e patikilyèman pou vòt fanm yo, ki te kòmanse nan Seneca Falls e li te enkli Nouyòkè lejand yo tankou Susan B. Anthony, Elizabeth Cady Stanton ak anpil lòt", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kòm n'ap komemore 100èm anivèsè fanm ki genyen dwa pou vote, nou dwe rekonèt tou gen plis travay ki dwe fèt. New York pral kontinye mennen nasyon an nan kreye pi gwo egalite pou tout moun e nou fyè pou prezève ak amelyore pati enpòtan sa a nan istwa Ameriken pou jenerasyon kap vini yo."

"Nan anivèsè ratifikasyon 19èm Amandman an, devlopman sa a pral estabilize mezon timoun Susan B. Anthony nan Konte Washington, sa ki pèmèt reyitilizasyon pwopriyete a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Pandan ke Mezon Susan B. Anthony ak Mize nan Rochester prezante istwa youn nan pi gwo revolisyonè nan mond lan, pwojè sa a pral konsève eritaj Anthony a nan Eta New York. Kòm bèso mouvman dwa fanm yo, New York te premye gwo eta ki te bay dwa pou vote nan peyi a, sa ki te trase chemen pou 19èm amandman an. Pandan n'ap selebre santènè dwa vòt fanm yo, nou toujou gen plis travay pou nou fè pou reyalize vrè egalite ak jistis. Kounye a, plis pase anvan, nou dwe anbrase tan sa a pou kontinye goumen pou chanjman reyèl".

Ane sa a tou se 200èm anivèsè nesans Susan B. Anthony a, an 1820. Timoun ki soti nan fanmi Quaker ki te ankouraje abolisyon ak tanperans, li te rete nan Konte Washington, nan Battenville epi pita nan Center Falls, soti nan ane 1826 a 1845 ant laj 6 ak 25 ane anvan fanmi li te demenaje ale rete nan Rochester.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) eta a, ki ap jere pwojè estabilizasyon 695,000 dola a, te rive jwenn yon akò acha sou yon sit adjasan ki evalye a 1.618 ekta ki gen yon ansyen brasri istorik ki date depi peryòd fanmi Anthony te viv akote a. Sipòte pa Fon pou Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Fund, EPF) e ta a, acha a 130.500 dola pral pèmèt kreyasyon a lavni pakin adekwa pou mezon Anthony ak sèvi kòm yon zòn regilasyon pou redevlopman kontinyèl pwogresivman nan bilding lan pou yon itilizasyon alavni ke yo pa ko detèmine

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Yon pati nan misyon nou se prezèvasyon eritaj istorik nou an. Kay kote Susan B. Anthony te pase ane fòmèt li yo gen yon istwa pou rakonte e nou vle jwenn kay la nan bon kondisyon, kidonk pou li kapab rakonte iswa a yon jou".

Pwojè estabilizasyon an sipòte pa yon sibvansyon 250,000 dola ke Manm Asanble ata Carrie Woerner jwenn ak rès la nan New York Works; Senatè Eta Betty Little te jwenn sipò tou.

Kay Battenville te bati nan ane 1832-33 pa papa Anthony a ki te deplase fanmi an soti nan Adams, Massachusetts, Pou jere yon filati koton sou bò Battenkill River. A laj de 13 zan, Susan te antre nan Sosyete Zanmi Easton (Easton Society of Friends). Fanmi Anthony te pèdi kay yo nan ane 1839 akòz kontret finansye ki te koze pa yon resesyon finansye nasyonal nan ane 1837. Ansyen rezidans fanmi an te nan yon move eta lè Parks Eta achte li sou pwosesis sezi pou 1 dola an 2006.

Anthony, ki te mouri an 1906 a 86 zan, te travay pou dè deseni nan avanse dwa fanm, men li pa t 'viv pou li te wè pasaj 19yèm amandman an 1920. Li antere nan Rochester.

Senatè Betty Little te deklare, "Jwe yon ti wòl nan prezève pati inik sa nan istwa lavi Susan B. Anthony se vrèman yon privilèj. Se espwa mwen ke nan fè sa nou ap ede asire grandè reyalizasyon li yo, yo p'ap janm bliye kouraj li ak refi li nan sede an fas gwo obstak. Kòm nou ap komemore santènè vòt fanm yo ane sa a, nou selebre lavi fanm remakab fanm sa a ki te rekonèt ke ideyal ki enskri nan Konstitisyon Ameriken yo, an reyalyte, se yon apèl ak aksyon pou vin pi bon moun ak pou vin yon pi bon nasyon".

Manm Asanble Carrie Woerner te deklare, "Mwen depase fyè pou mwen wè Mezon Susan B. Anthony nan Greenwich resevwa lajan nan biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York pou kontinye pwosesis restorasyon nan kay istorik sa a. Anplis de yon sibvansyon 250,000 dola biwo mwen an sekirize, finansman ki soti nan NYSOPRHP bay mwayen pou repare ak kenbe enfrastruktir kay la. Kontribisyon Susan B. Anthony nan nasyon nou an atravè mouvman Vòt Fanm yo se yon moso enpòtan nan istwa, epi nan 100èm Anivèsè 19èm Amandman an mwen kontan wè pwopriyete li nan Konte Washington retounen a lavi pou jenerasyon inonbrab yo vizite ak aprann de li. Devouman ak pasyon san rete lidè kominote lokal yo te esansyèl nan restorasyon pwopriyete istorik sa a e mwen kontan pou m kontinye prete sipò mwen nan pwojè sa a".

Sipèvizè Salem lan, Evera Sue Clary, te deklare, "Nou onore pou sipòte fanm ke ane fòmasyon li yo te pase isit la sou riv Battenkill la. Susan B. Anthony raple nou pouvwa a fanm yo, pouvwa a vòt la, ak enpòtans ki genyen nan pran risk pou fòse chanjman ki nesèsè nan sosyete nou an. Se pou li kontinye enspire jèn lokal nou yo epi odela de sa se pou li kreye bon pwoblèm ki fè yo sonje".

Sipèvizè Greenwich la, Donald Ward te deklare, "Vil Greenwich sipòte efò Eta New York pou revitalize kay Anthony a. Kay la se yon senbòl Sifrajis ki te batay pou Dwa Fanm pou yo Vote. Alavni nou ap epere kay SBA a ap vin yon sit istorik k'ap mennen vizitè yo Greenwich ak onore eroyin vil natal nou an".

Sipèvizè Jackson lan, Jay Skellie, te deklare, "Mwen te pase devan lekòl sa a dè milye fwa. Te gen yon epòk, lontan de sa, li te bòde pwopriyete fanmi m yo. Gen kèk nan fanmi mwen ki te ale ladan li epi grann mwen te anseye la pou yon ti tan. Pou panse ke evènman ki te rive la Susan B Anthony trase chemen li nan lavi ki ta chanje istwa fanm yo nan Etazini yo se vrèman etonan".

Ann Kril, Ko-Prezidan Lig Fanm Elektè yo nan Konte Saratoga, te deklare, "Li apwopriye ke Eta New York anonse travay pou konsève mezon timoun Sifrajis Susan B. Anthony nan 100èm anivèsè ratifikasyon 19èm Amandman an, ki se 100èm anivèsè transfòmasyon Asosiyasyon Sifraj Fanm Nasyonal (National Woman Suffrage Association) nan Lig Fanm Elektè yo".

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) sipèvizè plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreatif ak lansman bato, ke yon kantite rekò 77 milyon moun te vizite an 2019. Resaman, yon etid inivèsite te jwenn ke depans State Parks yo ak vizitè yo fè rapòte 5 milya dola nan pwodiksyon ak lavant, sipòte 54,000 djòb nan sektè prive an, epi plis pase 2.8 milya dola anplis pou PEB (an kreyòl, Pwodwi Enteryè Brit) Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt zòn rekreatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa vizite parks.ny.gov, konekte sou [Facebook](https://www.facebook.com/nystateparks), oswa swiv nou sou [Twitter](https://twitter.com/nystateparks). Aplikasyon mobil Parks Explorer Eta New York la disponib pou aparèy iOS ak Android yo. Pou telechaje, vizite: [Google Play Store, NY State Parks Explorer App](https://play.google.com/store/apps/details?id=com.ny.state.parksexplorer) oswa [Apple Store, NY State Parks Explorer App](https://apps.apple.com/us/app/ny-state-parks-explorer-app/id1488888888).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)